

Pwogram fòmasyon GI-BMP

Fèy revizyon

7/31/2014

Vèsyon 1

Kle repons yo

Enstriksyon: Sèvi ak nòt yo kòm yon gid pou revize pwen aprantisaj kle ak enfòmasyon ki bay pandan pwogram fòmasyon an. Tou depan de fòm fòmasyon an, repons yo ka diskite nan sesyon fòmasyon an, afiche nan yon zòn deziyen oswa disponib pou “download” nan sit entènèt la.

Revizyon Entwodiksyon

1. Entansyon fòmasyon sa se pou amelyore konesans ak jijman pwofesyonèl endistri vèt yo pou pwoteksyon dlo ak resous natirèl Laflorid yo.
2. Anpil nan resous dlo Laflorid yo patikilyèman sansib a polisyon poutèt jeyoloji ak klima espesyal ki genyen nan eta Laflorid.
3. Akwonim GI-BMP se yon tèm tou kout ki vle di Endistri Vèt , Pi bon pratik Jesyon kidonk Green Industries Best Management Practices an anglè.
4. Fòmasyon sa mete aksan sou kat kat objektif pou diminye polisyon a sous divès epi pwomote sante plant.
5. Objektif GI-BMP yo gen ladan diminye lavaj soti nan jaden yo, itilize konsepsyon jaden ak selekyon plant ki apwopriye, itilize pousantaj/to ki apwopriye ak metòd pou aplike angrè ak irigasyon, epi itilize pratik Jesyon kont Ensèk nuizib kidonk integrated pest management (IPM) an anglè.
6. “Pwoteksyon resous dlo selon endistri vèt yo ” vle di ke ou jwe yon wòl dirijan nan edike kliyan ou yo epi mete pratik sa yo ann aplikasyon.
7. Pwogram fòmasyon sa a bay enfòmasyon espesifik ak konsèy sou pratik jesyon gazon ak jaden.
8. Dlo se mekanis prensipal tranpò pdrodwi chimik ki deja fonn yo nan te a.
9. Se sèl dlo lapli dlo ki dwe pase nan rigòl.
10. Li rekòmande pou ou revize pwogram fòmasyon sa a chak de (2) a kat (4) ane pou nouvo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki mete ajou.

<u>Bezwen poul?</u>
Amelyore
Angrè
Apwopriye
De (2)
Dirijan
Dlo
Edike
Gazon
GI-BMP
IPM
Irigasyon
Jaden
Jeyoloji
Jijman
Kat
Klima
Dlo lapli
Mekanis
Pwomote
Tè

Revizyon sou Apèsi Fòmasyon an

1. Ak pou dlo Potab otorize Ajans Pwoteksyon Anviwonman Etazini kidonk “U.S. Environmental Protection Agency” (EPA) an anglè pou li aplike pwogram kontwòl polisyon pou pwoteje kalite dlo yo.
2. Prensip kalite dlo yo ka swa an nimerik / chif oswa naratif toudepan de sous dlo a soti, sa ki pral pèmèt moun itilize dlo a nan fason li fèt pou sa.
3. Twòp eleman nitritif nan dlo k’ap koule anlè oswa anba tè yo se youn nan pi gwo pwoblèm Eta Laflorid ap afwonte.
4. Konte (county) ak vil yo gen dwa adopte estanda ki pi sevè pase manda lwa leta ki adrese kesyon pwoblèm polisyon a sous divès lokal yo.
5. Tou aplikatè angrè nan zòn lavil yo dwe gen yon Sètifika pou Awozaj Angrè Komèsyal Limite (LCFAC) apati 2014 pou yo ka opera legalman nan Eta Laflorid.
6. Nonpoint Source Pollution (NPS) kidonk polisyon a sous divès se polisyon dlo ki pa ka remonte a orijin espesifik li yo oswa pwen depa / komansman li.
7. Yon Basen Vèsan iben konpoze de drenaj ki transfere dlo lapli soti nan sifas enpèmeyab ale nan lak ak rivyè yo.
8. Sifas enemeyab / di tankou twotwa, garaj yo, lari, do kay yo oswa tè konpak souvan pwodwi ekoulman dlo, sa vle di eksè dlo k’ap koule sou tè a.
9. Lavaj dlo souvan refere a pèt /disparisyon eleman nitritif plant ki ka fonn nan dlo yo ak lòt pwodui chimik jaden ki nan tè a, akòz twòp lapli ak irigasyon.
10. Akwonim FFL vle di Florida-Friendly Landscaping™ (kidonk Jaden Nan Gou Laflorid) yon konsepsyon kalite jaden ki, enstale epi jwenn antretyen selon nèf prensip ki baze sou syans pou konsève epi pwoteje dlo Laflorid y oak resous natirèl yo.

Bezwen Poul?

Basen vèsan
Depa / Komansman
Dwe
Ekoulman
Eleman nitritif
Enpèmeyab / di
EPA
FFL
Lavaj
Nèf
Nimerik / Chif
NPS
Potab
Pwoteje
Sevè

Gazon ak Jaden/Revizyon

1. Rasin pwès ak longè gazon ki ansante a ba li yon kapasite ekselan pou 'filtre dlo' epi redwi efè polisyon a sous divès nan zòn kote moun rete.
2. Gazon Sentogisten gen bon tolerans pou sèl nan zòn bò lanmè ak dlo irigasyon resikle epi tolere yon pakèt domèn tè pH, ki fè li gazon ki pi adaptab e ki pi lajman itilize nan Laflorid.
3. Genyen plizyè dezavantaj nan gazon SentOgisten. Li p'ap rete vèt san dlo siplemantè nan moman sechrès, li degrade/kraze fasil epi li akimile pay, sitou lè li gen twòp nitwojèn ak twòp aplikasyon dlo.
4. Konpare ak gazon Sentogisten, gazon zòysya gen lam fèy ki pi piti, pi file, ki bay yon abitud kwasans ki pi dans / pwès.
5. Gazon Zòysya bezwen prèske menm kantite dlo ak gazon Sentogisten.
6. Nou ka dekri gazon Baya tankou yon gazon ki bezwen antretyen tou ba; Li plizoumwen mande ti kras dlo, angrè ak pestisid. Li se yon bon chwa pou tè ki pa irige / ki pa wouze oswa zòn ki laj yo.
7. Pratik kiltirèl jaden ki pa apwopriye tankou, kite pay gazon sou twotwa yo, nan garaj ak lari yo, ka lakoz konsekans dirèk sou anviwònman an tankou domaje lavi akwatik nan kò dlo ki tou pre yo.
8. Apre yon tan, pratik kiltirèl ki pa apwopriye yo ka lakòz konsekans endirèk sou anviwònman an tankou, ewozyon ak rasanbleman sediman / tè rapò nan kò dlo yo akòz pèt / disparisyon kouvèti vejetatif yo.
9. Genyen de fason pou jere estrès anviwònmantal nan gazon: sèvi ak espès estrès-toleran oswa kòltiva; Itilize bon jan pratik kiltirèl / kilti ak jesyon pou soulaje efè yo.
10. Konpòs ki pa byen fèt ka lakoz bèss nan pyebwa yo poutèt mank oksijèn ak twon pyebwa yo ki pouri.
11. Tay / debranchman ta dwe fè pati woutin antretyen; sepandan, yo dwe pote anpil atansyon sou "timing" kidonk orè ak bezwen divès kalite plant jaden yo
12. Mangròv jeneralman asosye ak marekaj bò lanmè / bò dlo epi li jwe yon wòl kritik nan diminye domaj inondasyon pandan l'ap estoke dlo lapli epi divilge li tou dousman, epi filter polyan, limon ak sediman.

Need a Hint?

Ba
Bò lanmè / Bò dlo
Dans / Pwès
Dezavantaj
Dirèk
Dlo
Endirèk
Gazon Sentogisten
Ki pa apwopriye
Ki pa irige /
Ki pa wouze
Kiltirèl / Kilti
Konpòs
Pay
Pay gazon
Pèt / disparisyon
Pi file
Pwès
Sediman/tè rapò
Tay / Debranchman

Revizyon Irigasyon

1. Dlo se you nan resous ki gen plis valè nan Eta Laflorid.
2. Nan eta Laflorid, entèferans dlo sale ak rediksyon akwifè reprezante pwoblèm serye ki rive nan zòn kote gen anpil demann pou dlo.
3. Jesyon Irigasyon ki responsab redwi nesesite pou angrè ak/oswa tretman chimik nan plant jaden yo.
4. Switch Detektè lapli oswa lòt aparèy ki la pou fèmen yo selon lalwa dwe byen konsève epi operasyonèl, kèlkeswa laj irigasyon sistèm nan.
5. Bon jan dizay / konsepsyon ak enstalasyon eleman irigasyon yo ka maksimize sèvis yo epi diminye nenpòt ti enpak sou anviwònman an.
6. Yo konsidere dlo ize ki soti nan tretman plant tankou dlo resikle .
7. Eleman nitritif ki soti nan dlo resikle irigasyon ka varye, kidonk li bon pou konfime nivo eleman nitritif detanzantan, epi evite twòp irigasyon ak irigasyon nan zòn ki pa fèt pou sa .
8. Nou dwe enstale vav pou anpeche kontaminasyon nan dlo potab yo ak eleman nitritif epi pestisid .
9. Aparèy awozwa ki la pou degoute yo ideyal lè nou bezwen plis presizyon oswa pou plantasyon ki ann teren etwat yo, tankou ranje lizyè yo.
10. Enspeksyon regilye nan aparèy mikwo-irigasyon ak filtè yo nesesè pou asire fonksyon sistèm nan an jeneral.
11. Orè / Kalandriye irigasyon baze sou bezwen dlo yon plant patikilye nan jaden an epi li ka diferan tou depann sou kapasite plant la pou ekstrè imidite nan tè a selon pwofondè rasin yo, ak kapasite yo pou tolere imidite redwi.
12. Lapli veritab rainfall is the total rainfall, minus runoff, evaporation, and deep percolation.
13. Pa aplike pi plis pase ½ a ¾ pous dlo nan yon sèl kouch irigasyon.
14. Yon plant ki deja Etabli epi ki ka reziste sechrès ka mande tikras irigasyon oswa okenn irigasyon ditou.
15. Twòp awozaj / wouze twòp ka mennen plis maladi pou plant yo, pi gwo popilasyon ensèk nwizib nan plant yo, lavaj oswa ekoulman azòt ak fosfò.

Bezwen pou?

Akwifè

Angrè

Anpeche

Detektè

Diminye

Dizay / Konsepsyon

Dlo

Eleman nitritif

Etabli

Ki pa fèt pou sa

Ki responsab

Orè / kalandriye

Pestisid

Presizyon

Rasin

Regilye

Resikle

Veritab

Twòp awozaj /

Wouze twòp

Yon sèl

Revizyon Angrè

1. Yon angrè kapab genyen youn oswa plizyè eleman nitritif pou plant; ankouraje kwasans plant; kontwole pH tè; oswa bay anrichisman oswa lòt mezi korektif nan tè a.
2. Tè iben / lavil yo trè varyab nan eleman nitritif ak disponiblite yo, kidonk eleman nitritif siplemantè kapab nesèsè pou korije oswa anpeche feblès/defisyans nan eleman nitritif.
3. Plant ki gen defisyans kwonik gen dwa pa apwopriye pou kondisyon sit la. Chwazi plant ki adapte pi byen ak zòn/jaden an.
4. Pa mete angrè nan gazon ou pandan mwa sezon ivè / livè si w'ap viv nan yon zòn/lokalite kote gazon pa grandi aktivman nan sezon livè.
5. Awozaj Angrè ta dwe fèt nan gazon an lè rasin ak lans fèy yo ap grandi aktivman pou redwi potansyèl lavaj eleman nitritif yo.
6. Gazon ki fèk plante ak ti branch yo pa ta dwe jwenn angrè pi bone pase 30-60 apre yo fin plante yo.
7. Pyebwa ki deja etabli nan zòn kote yo fertilize gazon regilyèman kapab pa mande eleman nitritif siplemantè / anplis sof si yo montre sentòm defisyans kidonk gen feblès pou eleman nitritif.
8. Yon analiz tè se yon apèsi / kout kodak de ki sa ki prezan nan tè a nan moman echantiyon an ap pran. Analiz Tisi ka endike nivo sèten eleman nitritif ak kondisyon sante plant yo.
9. Lè nou aplike twòp Nitwojèn / Azòt nan jaden yo, sa ka chanje oswa degrade anviwònman an.
10. Sous nitwojèn/Azòt yo vini sou de fòm / fòmilè : òganik ak inòganik.
11. Yo aplike sous nitwojèn ki lage rapid ak Dousman yo nan de (2) to / pousantaj diferan.
12. Fè se yon mikwonitriyan ki nesèsè pou kwasans gazon ki ansante ak antretyen yo; sepandan, nou pa ka itilize li pou ranplase eleman nitritif nesèsè tankou nitwojèn.
13. Lè nou detèmine sifas zòn aplikasyon yo anvan nou mete angrè ede konsève/ekonomize tan ak lajan, epi anpeche enpak negatif sou anviwònman an.
14. Kalibrasyon gen ladan enspeksyon ekipman aplikasyon yo pou asire yo an sekirite, nan bon kondisyon epi travay kòrèkteman.
15. To aplikasyon eleman nitritif yo, nitwojèn an patikilye, depann sou plizyè faktè : espès gazon an, objektif nivo antretyen gazon an, lokasyon yo, tan/peryòd nan ane a, epi kalite sous angrè.
16. Zòn responsablite asire ke angrè ak lòt pwodui chimik pou gazon pa antre an kontak dirèk ak kò dlo oswa ak nenpòt ki estrikti fontyè dlo tankou yon twotwa, antre kay, lari, kannal, lak, oswa sistèm wout marin.

Bezwen poul?

Aktivman
Angrè
Apèsi / Kout kodak
Eleman nitritif
Enspeksyon
Faktè
Fè
Fòm / Fòmilè
Iben / Lavil
Ivè / Livè
Kwonik
Nitwojèn / Azòt
Plante
Ranplase
Sifas
Siplemantè / Anplis
Tisi
To / Pousantaj
Zòn

Revizyon sou Pesticid (IPM)

1. Li ilegal pou aplike nenpòt pesticid komèsyalman, pou djòb, nan yon gazon, sit rezidansyèl, oswa lòt sit estriktirèl san yon lisans.
2. Yo rekòmande / mande yon lisans pou aplikasyon pesticid nan men Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè Laflorid (FDACS).
3. Chapit 482 sèvi operatè kontwòl kont pès komèsyal yo, endistri antretyen peyizaj komèsyal yo, anplwaye leta ak prive oswa mèt pwopriyete k ap aplike pwodwi pesticid.
4. Chapit 487 sèvis izaj, acha, ak sipèvizyon aplikasyon restriktif pesticid.
5. Yon ensèk nwizib se nenpòt bagay ki nan konpetisyon ak moun, bèt domestik, oswa plant dezirab pou manje oswa dlo.
6. Objektif prensipal Jesyon Entegre Ensèk nwizib kidonk Integrated Pest Management (IPM) se itilizasyon efikas pesticid gras ak yon konbinezon de taktik pou kontwole ensèk nwizib.
7. Idantifikasyon kòrèk enpòtan anpil pou konnen si yon ensèk nwizib danjere epi si tretman nesèsè.
8. Eleman kilti / kiltirèl IPM nan konsiste de bon seleksyon, kreyasyon, ak antretyen la, tankou koupe, fètilizasyon, ak irigasyon nan chan kous ak jaden flè plant.
9. Eleman fizik oswa mekanik IPM nan gen rapò ak retire materyèl ki mouri, malad oswa enfeste ak debri.
10. Eleman byolojik IPM nan enplike nan liberasyon an ak / oswa konsèvasyon nan lenmi natirèl ak lòt òganis benefisyè.
11. Kontwòl chimik IPM nan gen ladan yon pakèt varyete pesticid konvasyonèl ak nouvo prodwi chimik ki pi selektif.
12. Gwosè goutlèt ak vitès van se faktè ki pi enpòtan ki enfliyanse flotman (sa vle di dlo ki vole soti kite jaden yo).
13. Etikèt pesticid yo gen enfòmasyon ak enstriksyon itilizatè yo legalman oblije swiv.
14. Pou evite ekspoze kò yo a pesticid, aplikatè yo ta dwe mete rad pwoteksyon ak ekipman pwotektif pèsònèl kidonk personal protective equipment (PPE) an anglè.

Bezwen pou?

482

487

Byolojik

Chimik

Ekspoze

Ensèk nwizib

Etikèt

FDACS

Fizik

Goutlèt

Ilegal

IPM

Kilti / Kiltirèl

Konbinezon

Kòrèk

PPE

Rekòmande / Mande